# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 सितम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

डॉक्टर राम मनोहर लोहिया आयुर्विज्ञान संस्थान क आजु चउथा स्थापना दिवस मनावल गइल। स्थापना समारोह में शामिल भइल मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ संस्थान क सालाना रिपोर्ट क विमोचन कइले क सथहीं नवका बनल भवन का लोकार्पणों कइलें। येह दौरान उहां के कइगो प्रोफेसर, असिस्टेंट प्रोफेसर अउर प्रोफेसर जे.आर. के मेडल अउर सर्टिफिकेट देके सम्मनित कइलीं। येह मौका पर श्री योगी कहलें कि मजबूत इच्छा सक्ति आपस में तालमेल अउर बातचीत से खाली दुइ बरिस में भाजपा का प्रदेस सरकार इंसेफेलाइटिस पर काबू पवले हवे। उहां के कहलीं कि पूर्वी उत्तर प्रदेस में इंसेफेलाइटिस के लेके ईहो बेरि दुइ बेरि सर्वे करावल गइल, जेह में एक्को लइका क मउति नाही पावल गइल। उहां के कहलीं कि आजु उत्तर प्रदेस वन डिस्ट्रिक्ट वन मेडिकल कॉलेज क दिशा में तेजी से आगे बढि रहल हौ। पहिली बेरि केन्द्र अउर राज्य सरकार पब्लिक प्राइवेट पार्टनरसिप मोड पर मेडिकल कॉलेज बनवले क कार्यवाही के आगे बढा रहल हौ।

**********

उत्तर प्रदेस पावर कार्पोरेशन क अध्यक्ष डॉक्टर आशीष कुमार गोयल आजु लखनऊ के सक्तिभवन में बिजुली आपूर्ति व्यवस्था क समीक्षा कइलें। येह दौरान उहां के निरदेस दिहलीं कि ट्रांसफार्मर जल गइले के चौबीस घंटा के भित्तर हर हाल में ओके बदल दिहल जाव। अइसन नाही कइलें पर जिम्मेदार लोगिन के खिलाफ कार्रवाई कइल जाइ। श्री गोयल कहलें कि बिजुली व्यवस्था के अउरियों कौने तरीया से बेहतर बनावल जाव येह पर सज्जों लोगिन के मिलि के कार करे क जरूरति हौ। बइठकी में उप केन्द्रनन, राजस्व संग्रह अउर मानव संसाधन के बढ़िया इस्तेमाल के सथहीं कइगो विसय पर सुधार बदे प्रस्तुतिकरणों दिहल गइल। श्री गोयल कहलें कि जल्दिये पावर कॉरपोरेशन अउर डिस्कॉम मुख्यालय ई–ऑफिस के तौर पर कार करे लगिहें। उहां के टोल फ्री नम्बर– एक नौ एक दुइ पर आवे वाला सिकाइतिन के जुरते समाधान क निरदेस दिहलीं।

**********

सासन कइगो योजनन क समीक्षा अउर जिलन के विकास खातिर अब नया सिरा से हर जिला में एक–एक सिनियर अधिकारी के नोडल अधिकारी नामित कइले हवे। येह संबंध में मुख्य सचिव मनोज कुमार सिंह सज्जों नोडल अधिकारियन के दिसा निरदेस जारी कइलें कि ऊ हर दु महिन्ना पर एक बेरि दुइ दिन्न खातिर अपने जिला का दौरा करें। येह दौरान उहां के विकास कारयन के समीक्षा के सथहीं आम लोगिन क समेसया क निसतारण करावे । सथही जिलन से जुड़ल मुद्‌दन के लेके जन प्रतिनिधियन क रायो जाने अउर ओहि के हिसाबि से समेसया क निसतारण करावे ।

**********

महात्मा गांधी के जयंती के मौका पर राष्ट्रपिता के सरधांजलि देवे खातिर प्रदेस सरकार सज्जो जिलन में सतरह सितम्बर से दुइ अक्टूबर ले स्वच्छता अभियान– स्वच्छता ही सेवा क आयोजन करी। नगर विकास विभाग येह पूरा अभियान क कार्ययोजना बना लिहले हवे। एकरे तहत प्रदेस सरकार दुइ अक्टूबर के स्वच्छता के क्षेत्र में बढ़ियां कार करे वाले सफाई मित्रन के सथहीं अउरियो लोगिन के स्वच्छता ही सेवा अवार्ड से सम्मानित करी। ई अवार्ड कुलि नौ श्रेणी में दीहल जाई। जनभागीदारी के सथहीं सफाई में सहजोग कइले अउर बिसिस्ट पहलो खातिर सम्मानित कइल जाई। पुरस्कार पावे वालन क चुनाव राज्य अउर जिला स्तर पर चयन समिति की ओरि से कइल जाई।

**********

राम मंदिर निर्माण समिति क बइठकी के दुसरे दिन समिति क चेयरमैन नृपेन्द्र मिश्र बतवलें कि मंदिर के सिखर क निरमाण फरौरी दुइ हजार पचीस ले पूरा हो जाई। एकरे पहिले मंदिर परिसर में बनि रहल सप्त मंदिरन क कार दिसम्बर दुइ हजार चउबीस ले पूरा कइ लिहल जाई। येह मंदिरन क मुरती जयपुर में बनि रहल हवे। श्री मिश्र बतवलें कि मंदिर के सुन्दर बनावे बदे एके फसाड लाइटि से सजावल जाई बाकिर येह बाति क खास धियान रक्खल जाई कि ई लाइटि मंदिर के वातावरण के हिसाबि से हो।

**********

पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कई गो जिलन में बरखा भइले क सिलसिला अजुओ जारी हौ। भारी बरखा के नाते कुछु जिलन में जनहानि के सथहीं फसलिन क ढेरे नोकसान भइल हौ। नदियन क जलस्तर बढ़ि गइले से कुछु गांवन में पानी भरि गइल त ओहीं कुछु जिलन में एहतियातन स्कूल–कॉलेज बन्न करे के पड़ल। पीलीभीत के कई गो इलाकन में बिजुली सप्लाई बन्द हौ। शारदा नदी में बनबसा बैराज से दुइ लाख क्यूसेक से बेसी पानी छोड़इले से ट्रांस शारदा इलाका में बाढ़ि जइसन हालति बनि गइल हौ। नदी के किनारे सड़किनि पर पानी लागि गइल हौ अउर तीनि दरजन से बेसी गांवन क सम्पर्क जिला से कटि गइल हौ। अमरोहा, बदायूं, फर्रूखाबाद, हापुड़, मुजफ्फरनगर जिलो में बरखा से जन–जीवन परभावित हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से अगिला दुइ दिन ले पच्छिमी उत्तर प्रदेस के कुछु जिलन में मौसम अइसने बनल रही।

**********